



MADRASAH IBTIDAIYAH PSM NGLENCONG

UJIAN MADRASAH

TAHUN PELAJARAN 2021/2022

Mata pelajaran : BAHASA JAWA	Hari/Tanggal :
Kelas : VI (Enam)	Waktu :

Pilihlah salah siji wangsulan sing ko anggep benar kanthi nulis huruf gedhe ana ceceg-ceceg soal!





- Ing ngisor iki kalebu tuladane tembang dolanan, *kajaba* ...
a. gambuh b. gundhul pacul c. jamuran d. mentog-menthog
- Adhiku bubar lara saiki awake kari *lunglit*.
Tembung *lunglit* tegese ...
a. kari kulit b. balung kulit c. balungan d. balung cilik
- Doni* : “Wid, konco-konco mengko arep dolan neng omahmu”.
Widi : “...”.
Doni : “Budi, Dewi lan Dinda”.
Widi : “O, iyo tak tunggu”.
Ukara kang mathuk kanggo njangkepi pacelathon ing nduwur yaiku
a. Sapa jenenge ? b. Ya, tak parani c. Karo sopo? d. Sapa wae sing dolan?
- Ing ngisor iki sing kalebu sandhangan panyigeg wanda yaiku....
a. cakra b. wulu c. keret d. wigyan
- Eyang rawuh saka Semarang pinaringan* ...
tembung sarora kang mathuk kanggo njangkepi ukara ing duwur yaiku ...
a. rahayu wilujeng b. tata krama c. kerta raharja d. tentrem ayem
- Cangkriman iku ana kang awujud wancahan, ana kang wujud pepindhan, ana kang awujud blenderan, lan uga tembang. Sing diarani cangkriman yaiku
a. Unen-unen utawa tetembungan kang kudu di bedhek isine / karepe
b. Unen-unen kang ajeg panganggone / ora kena diowahi mawa teges tertentu
c. Unen-unen kang ajeg panganggone mawa teges tertentu sing disemoni sifat uwong
d. unen-unen kang endah
- Ing ngisor iki sing kalebu ukara kang nduweni pola J-W-L-K, yaiku ...
a. Budhe lagi dondom klambi c. Mely lagi ana kelas
b. Ibu mundhut sayuran menyang Pasar d. Bimo mangan dhek sore
- 
Gambar pawayangan kuwi salah sijine tokoh Pandhawa kang arane ...
a. Yudhistira b. Bima c. Arjuna d. Nakula
- Ukara ing ngisor iki sing kalebu ukara pakon yaiku ...
a. Sapa jenengmu? c. Aku lagi sekolah.
b. Piro regane buku kui? d. Tutupen lawange!
- Tumbas sukun tumbas blewah* ...
Jangkepe parikan ing duwur sing mathuk yaiku ...
a. urip rukun mesti bungah c. urip ayem mesti bungah
b. urip tentrem mesti seneng d. urip bungah lan rukun
- Nina nyiram kembang*.
Ukara tanduk iki yen diowahi dadi ukara tanggap yaiku ...

- a. Kembang disiram Nina
b. Nina seneng nyirami
c. Kembang wis disiram Nina
d. Nina seneng kembang
12. Bocah kok mlakune alus, kancane wis tekan nggon deweke isih keru.
Panyandra kang mathuk kanggo ukara ing nduwur yaiku ...
a. lakune mucang kanginan
b. lakune njalak dinding
c. lalune kaya macan luwe
d. polahe kaya gabah diinteri
13. Anak sapi jenenge pedhet, yen anak kebo jenenge ...
a. kuthuk
b. minthi
c. bledug
d. gudel
14. Ukara ing ngisor iki sing nggunakake seselan in yaiku....
a. Buku basa jawa jinupuk Amin ing laci meja
b. Sega jagung iku wis tumumpang ing dhuwur wakul
c. Bapak tindak Surabaya
d. Adhik ditimbali ibu, arep didelang karo iwak pindang



Gatekno ringkesan crita ing ngisor iku!

JOKO KENDIL

Joko Kendil yaiku putrane Prabu Asmawikana saka Kerajaan Ngambar Arum, Jawa Tengah, Indonesia, sing dilahirake cacat, yaiku kepalane kaya bentuk kendil. Kendil ing basa Jawa tegese pot utawa panci. Miturut crita, Joko Kendil nandhang cacat amarga dikalahake dening dukun wiwit isih ana ing rahim ibune. Senadyan kahanan kasebut, Joko Kendil bisa nikahi putri raja ayu lan ayu.

15. Sing dadi paraga utama ing ringkesan crita ing dhuwur yaiku
a. Joko Kendil
b. Prabu Asmawikana
c. pot utawa panci
d. Kerajaan Ngambar Arum
16. Ukara ing ngisor iki nggunakake ater-ater Tri Purusa, **kajaba**
a. Klambine Siti lagi dakjahit
b. Bukuku opo kokjupuk?
c. Kembang mawar iku lagi disirami Ani
d. Adik lagi mangan sega pecel
17. *Cipir mrambat kawat*
Jangkepane isi parikan ing dhuwur, yaiku....
a. Ora mampir angger liwat
b. Ora ngapa sing penting banter
c. Aku seneng mangan cipir
d. Manggis karengat
18. *Ibu dhawuh, "Kowe kudu sing sregep sinau supaya pinter"*.
Ukara kasebut yen diowahi dadi ukara ora langsung dadi ...
a. Ibu dhawuh yen aku kudu sregep sinau supaya pinter.
b. Ibu dhawuh, yen kowe sregep sinau mesti pinter.
c. Ibu dhawuh, kowe sregepa sinau supaya pinter.
d. Ibu dhawuh, sapa sing sregep sinau mesti pinter.
19. Bapak nembe maos koran ing teras ngajeng. Sing dadi wasesane ukara kasebut yaiku
a. bapak
b. nembe maos
c. koran
d. ing teras ngajeng
20. Panulisan aksara jawa (nganggo pasangan la) Beras larang, sing bener yaiku.....
a. 
b. 
c. 
d. 
21. Tembang maca pat itu sawijine karangan kang kaiket mawa paugeran: guru gatra, guru lagu, lan guru wilangan. Tembang macapat iku cacahé ana....
a. 10
b. 11
c. 12
d. 13
22. Aksara Jawa lagi ditulis Santi ing buku tulis.
ukara kasebut yen diowahi dadi ukara tanduk, dadi

- a. Santi lagi nulis aksara Jawa ing buku tulis
 - b. Santi lagi ditulis aksara jawa.
 - c. Aksara jawa lagi ditulis ing buku tulise Santi
 - d. Nulis Santi aksara jawa ing buku tulis
23. *Godhong klaras godhong.....*
Bocah memelas luru rejeki
 Tembung kang trep kanggo ngisi sampiran ing parikan iku....
- a. nangka
 - b. krambil
 - c. kemangi
 - d. gedhang
24. Prabu Puntadewa iku ratu ing Negara....
- a. Ngamarta
 - b. Ngastina
 - c. Maespati
 - d. Dwarapati
25. Saben dina Minggu, Sinta bola-bali menyang alun-alun saperlu arep olahraga bareng kancane.
 Tembung rangkep bola-bali tegese.....
- a. Mulih
 - b. Bali
 - c. Wira wiri
 - d. Budhal mulih
26. Salah sijine paugeran tembang macapat yaiku guru wilangan. Ing ngisor iki sing diarani guru wilangan yaiku
- a. Bait
 - b. Cacahing gatra saben sapada
 - c. Dhong dhinge suwara ing saben pungkasan gatra
 - d. Cacahing wanda ing saben sak gatra
27. Tuladhane peranganing layang pribadi :
- Katur*
Bapak/Ibu guru
MI PSM Nglencong
Geneng
- Perangan layang pribadi ing dhuwur iku kalebu
- a. surasa basa
 - b. satata basa
 - c. titi mangsa
 - d. wasana basa
28. Raden Arjuna duwene gaman kang arane
- a. Panah Pasopati
 - b. Jimat Kalimasada
 - c. Keris Cundhamanik
 - d. Kuku Pancanaka
29. Ukara ing ngisor iki sing nggango tembung Saroja yaitu....
- a. Bocah wingi sore olehe gelut nganti babak bundhas.
 - b. Polahe Si Bayu anteng kitiran.
 - c. Tatune Budi arang kranjang.
 - d. Pak Bandi olehe nyambut gawe nganti adus kringet.
30. *Ibu mboten sios tindak dhateng Solo, amargi... waja.*
 Tembung sing cocok kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur, yaiku
- a. lara
 - b. sakit
 - c. gerah
 - d. mumet
31. Mripate bocah sing ayu kae yen cinandra
- a. blarak sempal
 - b. mucuk eri
 - c. jambe sinigar
 - d. ndamar kanganan
32. Jangkepna tembung paribasan ing ngisor iki supaya dadi paribasan kang mathuk!
- Rawe-rawe rantas,*
- a. palang mujur
 - b. malang bingung
 - c. palang bubrah
 - d. malang-malang putung
33. Pak Herman olehe nyambut gawe nganti adus kringet. Tembung entar kang kacetak miring duweni teges....
- a. nyambut gawe abot banget
 - b. adus nganti kringeten
 - c. metu kringete
 - d. entheng banget
34. Ing ngisor iki sing kalebu ukara panutup sesorah/pidato yaiku
- a. Sugeng siang
 - b. Para kadang peserta praktik engkang kulo tresnani
 - c. Bapak Sukadi ingkang kula urmati
 - d. menawi kula sakanca kirang subasita lan tatakrama kula nyuwun agunging pangaksami.
35. Bapak benjing sonten badhe tindak ... Semarang. Tembung sing cocok kanggo ngisi cecek-

- cecek ing dhuwur yaiku....
- a. saka b. dhateng c. saking d. menyang
36. *Yuswane bapak sampun 49 tahun .*
49 yen ditulis nganggo angka jawa sing bener yaiku
- a.  c. 
- b.  d. 
37. Ukara ing ngisor iki kang kalebu ukara tanggap, yaiku
- a. Adhiku ngundhuh pelem.
b. Tulung, aku penekne wit jambu kui.
c. Rotine dipangan Adhik.
d. Ibu mundut jajan kanggo simbah.
38. Rikmanipun Simbah sampun kathah ingkang pethak. Ukara kang nggango basa krama kasebut yen diowahi dadi basa ngoko yaiku
- a. Rambute simbah wes akeh sing putih
b. Rekmane simbah wes akeh sing putih
c. Rambute simbah sampun akeh putihe
d. Rambute simbah sampun kathah putihe

Gambuh

Sekar gambung ping catur

kang cinatur polah kang kelantur

Tanpo tutur katula-tula katali

Kadulu warsa kapatuh

Katuduh pan dadi awon

39. Tembang gambuh ing dhuwur, guru wilangan lan guru lagune gatra ke-2 yaiku
- a. 8 a b. 8 c. 10 a d. 10 u
40. ... *sing gawe layangan kuwi?*
Tembung pitakon kang mathuk yaiku....
- a. kapan b. sapa c. kepriye d. wayah apa
41. Ing ngisor iki sing kalebu dhampak positif globalisasi, yaiku
- a. ilange budaya asli c. komunikasi soyo angel
b. majune teknologi d. ilange pakulinan gotong royong
42. Sing kalebu dhampak negatif globalisasi, yaiku
- a. masyarakat tansah maju c. anane pasar global
b. majune teknologi d. ilange pakulinan gotong royong
43. Kabeh teks iku ngemot ... dhewe-dhewe
- a. pituduh b. informasi c. cara d. sebab
44. Ing ngisor iki tumindak kang dadi panyebab lingkungan rusak, *kajaba*... .
- a. alas kobong b. gunung gundhul c. tebang pilih d. banjir
45. Prastawa kang kadaden ing donya iki bisa dimangerteni lumantar
- a. sesorah b. pawarta c. wara-wara d. pitutur
46. karangan sing isine ngajak utawa mangaribawani sing maca diarani
- a. narasi b. dheskripsi c. persuasi d. argmentasi
47. Paragraf persuasi kasusun dening ukara-ukara kang duweni
- a. pranyatan b. alesan kuwat c. prahara d. bebaya
48. Titikane basa sajrone pawarta, *kajaba*
- a. dawa b. cekak c. cetha d. narik kawigaten

49. Ing ngisor kang **ora** kalebu tembang macapat yaiku... .
a. mijil b. wirangrong c. pangkur d. pucong
50. Paugeran tembang macapat ana telu, yaiku guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.
Guru gatra yaiku
a. cacahé gatra saben sagatra c. cacahé wanda saben sagatra
b. cacahé gatra saben sapada d. cacahé wanda saben sapada